



Pou Piblikasyon Imedya: 25/04/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO, MURPHY, MALLOY, RAIMONDO, BAKER, CARNEY AK
ROSSELLÓ ANONSE PREMYE KONSÒSYOM REJYONAL SOU RECHÈCH
SOU VYOLANS ZAM NAN NASYON AN**

***Se yon Inisyativ Kle nan kad Gwo Akò Istorik pou Konbat Vyolans Zam Plizyè Eta
Siyen, pami lèkèl New Jersey, Connecticut, Rhode Island, Massachusetts,
Delaware, ak Pòtoriko***

***Kolaboratè yo pral Kolekte e Analize Done Atravè Diferan Disiplin sou Jefò Piblik
pou Diminye Vyolans Zam pou pi Byen Gide Lejislatè nan tout Peyi a***

***Konble Vid Gouvènman Federal la te kite an 1996 Lè Li te Entèdi pou Eta yo
Finanse Rechèch sou Vyolans Zam ak Lajan Federal***

Gouvènè New York Andrew M. Cuomo, Gouvènè New Jersey Phil Murphy, Gouvènè Connecticut Dannel P. Malloy, Gouvènè Rhode Island Gina Raimondo, Gouvènè Massachusetts Charlie Baker, Gouvènè Delaware John Carney, ak Gouvènè Pòtoriko Ricardo Rosselló te anonse jodi a premye Konsòsyom Rejyonal sou Rechèch sou Vyolans Zam (Regional Gun Violence Research Consortium), yon inisyativ kle nan kad kowalisyon istorik “Eta pou Sekirite nan Zafè Zam” (States for Gun Safety) ant New York, New Jersey, Connecticut, Rhode Island, Massachusetts, Delaware, ak Pòtoriko.

Konsòsyòm nan rasanble lidè vizyonè ak pi gwo chèchè ki soti nan eta k ap kolabore yo, pou antreprann ansanm nouvo gwo rechèch sou tout kalite vyolans zam, pou kolekte e analize done atravè plizyè disiplin. Efò san parèy sa a pral bay piblik la, sa ki gen ladan lejislatè, nouvo enfòmasyon pou finalman redui fleyo vyolans zam nan. Konsòsyòm revolisyonè sa a pral konble vid gouvènman federal la te kite avèk entèdiksyon 1996 li te bay pou yo sèvi ak lajan federal pou etidye vyolans zam, sa ki te bloke efò rechèch yo toupatou nan nasyon an, tankou paregzanp nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention) ak Enstiti Nasyonal Sante yo (National Institutes of Health).

“New York fyè dèske li gen lwa sou sekirite sou zafè zam ki pi estrik nan nasyon an”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Inaksyon san rete gouvènman federal la sou pwoblèm sa a non sèlman pèmèt epidemi vyolans ame a simaye, men li mete responsabilite a sou do eta yo pou konfwonte pwoblèm deplenfwè. Konsòsyòm nan se yon gwo etap

nan kad patenarya ant plizyè eta k ap fè rechèch sou lejislasyon responsab pou sekirite nan zafè zam, epi pou pase a lòt etap pou anpeche zam ilegal travèse frontyè eta yo.”

Gouvènè Phil Murphy di konsa, “Malgre nou gen lwa sou zam ki pi strik nan nasyon an, New Jersey te viktim apeprè 80 pousan nan krim ak zam ki komèt avèk yon zam yo trafike sou fwontyè nou yo. Nou pèdi jèn moun toupatou nan eta a poutèt yon epidemi vyolans ak zam ki pa fè sans, epi Kongrè menm kwaze bra l devan pwoblèm sa a. Nou menm, onivo leta e onivo lokal, n ap pran sitiyoasyon sa a an men pou redui vyolans nan kominote nou yo. Se poutèt sa mwen fyè dèske mwen kolabore avèk gouvènè parèy mwen pou premye konsòsyòm rejonan sou rechèch sou vyolans zam nan nasyon an”.

Gouvènè Dannel P. Malloy te deklare, “Vyolans zam se yon ijans nan zafè sante piblik, e se konsa pou yo trete li. Connecticut se yon lidè nasyonal nan pran ka epidemi sa a. Lè nou travay an kolaborasyon avèk lòt eta ki panse menm jan avèk nou, nou kapab fè pwogrè pou konprann rasin vyolans e detèmine estrateji prevansyon ki pi efikas yo. Connecticut te redui krim vyolan pi vit pase tout lòt eta nan peyi a, apre nou te pase lejislasyon rezonab sou zafè zam nan ane 2013. Kowalisyon sa a se yon etap enpòtan pou nou apiye sou pwogrè sa a”.

Gouvènè Gina M. Raimondo te deklare, “Pandan Washington kontinye ap kwaze bra li, n ap pran aksyon desizif nan Rhode Island pou kenbe kominote nou yo an sekirite. Semèn sa a mwen te fyè pou m te patisipe nan premye rankont nouvo Gwoup Travay sou Sekirite nan zafè Zam (Gun Safety Working Group) nan Rhode Island, ki pral ede kreye yon plan d aksyon pou refòm zam. Efò sa yo nouvo konsòsyòm ant plizyè eta ap fè, pral kore pi plis travay n ap fè ak rechèch enpòtan pou ede gide aksyon sou refòm atravè tout eta nou yo. Mwen remèsye lòt gouvènè parèy mwen yo pou efò yo fè e m ap kontan wè rechèch konsòsyòm sa a devlope”.

Gouvènè Charlie Baker te deklare, “Massachusetts gen lwa ki pi strik nan nasyon an pou kontwòl zam e n ap kontan travay avèk lòt eta pou amelyore pataj enfòmasyon ant eta yo pou bay mandatè leta ak fòsdelòd yo plis resous pou kenbe kominote nou yo an sekirite”.

Gouvènè John Carney te deklare, “Lè yo travay ansanm, eta yo kapab e yo ta dwe dirèkteman konfwonte menas vyolans zam. Nouvo konsòsyòm sa a pral bay nouvo enfòmasyon ak rechèch sou vyolans zam pou enfòmè diskisyon sou politik onivo leta e onivo federal. Nouvo enfòmasyon pral ede nou ranfòse lwa ki egziste deja, entèseptè zam ilegal sou fwontyè leta yo, epi pran lòt aksyon ki pou fè yon diferans reyèl. Delaware fyè dèske li fè pati kowalisyon sa a, e mwen remèsye Gouvènè parèy mwen yo pou lidèchip yo sou pwoblèm sa a”.

Gouvènè Ricardo Rosselló te deklare, “Pòtoriko fyè dèske nou gen senten règleman ki pi strik Ozetazini nan zafè pèmi pòdam. An menm tan an, n ap goumen kont zam ilegal nan zile a. Mwen kwè konsòsyòm eta sa a, ki pral ankouraje pataj konesans, pral pran zèl e konsyantize moun pi plis sou relasyon dirèk ant aksè san kontwòl ak zam, avèk zak vyolans. Sa se yon etap enpòtan pou met fen a masak ensanse sa yo ki te koute lavi moun ki inosan nan enstitisyon piblik e nan lekòl yo”.

Konsòsyòm nan pral fonksyone ant plizyè eta ki enplike yo, e kore rechèch ak ekspètiz kolektif pou aktivite kolaborasyon ant inivèsite ak depatman endividyèl. Anplis nouvo rechèch, konsòsyòm nan pral kreye tou yon sant enfòmasyon pou santralize done ki ekziste deja, soti nan sous enstitisyonèl, federal, ak plizyè eta, pou itilizasyon piblik.

Mwa sa a make anivèsè de (2) nan fiziyad ki pi trajik nan istwa peyi nou an; onzan de sa, semèn sa a, 32 moun te pèdi lavi yo sou kanpis Virginia Tech University, e 19 an de sa, 13 moun te mouri trajikman tnan Columbine High School.

Lis anba a se tout entelektyèl ki soti nan eta k ap dirije konsòsyòm nan. Yon lyen ak tout biyografi yo disponib [isit la](#).

- Romain L. Alexander, Konseye Politik, Biwo Gouvènè John Carney
- Charles C. Branas, Pwofesè Gelman ak Direktè, Depatman Epidemyoloji (Department of Epidemiology), Columbia University, Lekòl Sante Piblik Mailman (Mailman School of Public Health)
- Eric F. Bronson, Rektè Lekòl Jistis Kriminèl (School of Criminal Justice) nan Roger Williams University
- Rod K. Brunson, Rektè Lekòl Jistis Kriminèl (School of Criminal Justice) nan Rutgers University
- Joel Capellan, Pwofesè Adjwen Etid sou Lwa ak Jistis (Law & Justice Studies) nan Rowan University
- Michaela Dunne, Jesyonè Sèvis Fòsdelòd ak Jistis (Manager of Law Enforcement & Justice Services) nan Sèvis Enfòmasyon Depatman Jistis Kriminèl (Department of Criminal Justice Information Services, DCJIS) Massachusetts
- Rina Eiden, Asistan Rechèch Prensipal, Enstiti pou Rechèch sou Akoutimans (Research Institute of Addictions), University at Buffalo
- Ayman El-Mohandes, Rektè, Lekòl Twayèm Sik Inivèsite Règleman sou Sante ak Sante Piblik CUNY (CUNY Graduate School of Public Health & Health Policy)
- Jeffrey Fagan, Pwofesè Isidor and Seville Sulzbacher, Lekòl de Dwa Columbia (Columbia Law School)
- Sandro Galea, Rektè e Pwofesè Robert A. Knox nan Lekòl Sante Piblik Boston University (Boston University School of Public Health)
- Anna Harvey, Pwofesè Politik e Direktè Laboratwa Sekirite Piblik (Public Safety Lab) nan New York University
- David Hemenway, Pwofesè nan Harvard T.H. Chan School of Public Health
- Christopher Herrmann, Pwofesè Adjwen nan Depatman Lwa ak Syans Lapolis (Law and Police Science Department) nan Kolèj Jistis Kriminèl John Jay nan CUNY (CUNY John Jay College of Criminal Justice)
- Heather Howard, Konferansye nan Zafè Piblik nan Lekòl Zafè Piblik e Zafè Entènasyonal Woodrow Wilson (Woodrow Wilson School of Public and International Affairs) nan Princeton University
- Margaret K. Formica, Pwofesè Adjwen Sante Piblik ak Medsin Prevansyon (Public Health and Preventive Medicine) nan SUNY Upstate Medical University

- Allan Jiao, Pwofesè Etid sou Lwa ak Jistis (Law & Justice) nan Rowan University
- Craig H. Kennedy, Dwayen University of Connecticut (UCONN)
- David M. Kennedy, Pwofesè Jistis Kriminèl nan Kolèj Jistis Kriminèl John Jay nan CUNY
- Chris Kervick, Direktè Egzekitif, Konsèy Jistis Kriminèl Eta Delaware (State of Delaware Criminal Justice Council)
- John M. Klofas, Pwofesè ak Direktè Sant pou Inisyativ Sekirite Piblik (Center for Public Safety Initiative) nan Rochester Institute of Technology
- Mike Lawlor, Sou-Sekretè Règleman ak Planifikasyon Jistis Kriminèl (Criminal Justice Policy and Planning), Biwo Règleman ak Jesyon CT (CT Office of Policy & Management) e Pwofesè Adjwen Jistis Kriminèl nan Kolèj Jistis Kriminèl ak Syans Mediko-Legal Henry C. Lee (Henry C. Lee College of Criminal Justice and Forensic Sciences) nan University of New Haven (an absans)
- Alan Lizotte, Pwofesè Distenge e Answen Rektè Lekòl Jistis Kriminèl (School of Criminal Justice) nan University at Albany
- Matthew J. Miller, Pwofesè Syans Lasante ak Epidemyoloji (Health Sciences and Epidemiology) nan Northeastern University
- Amanda Nickerson, Direktè Sant Alberti pou Prevansyon Abi Entimidasyon (Alberti Center for Bullying Abuse Prevention), University at Buffalo
- Daniel J. O'Connell, Ph.D, Syantis Prensipal, Sant pou Etid sou Medikaman ak Sante (Center for Drug and Health Studies), University of Delaware
- James Peyser, Sekretè Edikasyon Massachusetts
- Jennifer L. Pomeranz, Pwofesè Adjwen, Kolèj Sante Piblik Global (College of Global Public Health) nan New York University
- Jeremy Porter, Pwofesè Sosyoloji nan CUNY Brooklyn College ak Sant Twazyèm Sik Inivèsitè CUNY (CUNY Graduate Center)
- William Pridemore, Pwofesè Distenge e Rektè Lekòl Jistis Kriminèl (School of Criminal Justice) nan University at Albany
- Dermot Quinn, Lyetnan Kolonèl, Polis Eta Massachusetts (Massachusetts State Police)
- Sonali Rajan, Pwofesè Adjwen Edikasyon sou Lasante nan Teachers College, Columbia University
- Megan L. Ranney, Doktè pou Ijans ak Pwofesè Adjwen nan Depatman Medsin Ijans nan Rhode Island Hospital/ Alpert Medical School nan Brown University
- Jaclyn Schildkraut, Pwofesè Adjwen Jistis Piblik e Espè Nasyonal sou Fiziyad de Mas, SUNY Oswego
- Donald H. Sebastian, Vis-Prezidan Anchèf Devlopman Teknoloji ak Biznis (Technology & Business Development) nan New Jersey Institute of Technology (NJIT)
- Michael Siegel, Pwofesè, Depatman Syans Sante Kominotè (Department of Community Health Sciences) nan Lekòl Sante Piblik (School of Public Health) nan Boston University
- Nick Simons, Kowòdonatè Pwojè nan Rockefeller Institute of Government

- Robert J. Spitzer, Pwofesè Sèvis Distenge e Direktè Depatman Syans Politik nan SUNY Cortland
- Sean P. Varano, Pwofesè Jistis Kriminèl nan Roger Williams University

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)